WOLOF

LAN MOOY CORONAVIRUS?

Coronavirusyi doomu jangoro yu yaatu lañu yuy tek feebar nit yi ak malayi. Nit yi daf léen di andil ay jafe-jafe ci seen noyikay lu melni soc wala jangoro yu gëna jegi dayo.

LAN MOOY COVID-19?

COVID-19 (“CO” moy corona, “VI” doomu jangoro, “D” feebar ak “19” at bimu feeñ) feebarla buy wàlàte likoy ëdi mooy doomu jangoro bu beesbi ñu nàn Coronavirus.
Doomu jangorobi (Coronavirus) ak jangorobi (COVID-19) keen xamuleenwoon balaa ñuy feeñu ci weeru décembre ci atum 2019, ca Wuhan, reewum Chine.

LUY MÀNDARGAAL NIT KU AM COVID-19?

Màndarga yiñu gënë raañe moy yaram wuy tàgn, yaram wu diis mànàm còono ak sëxët. Ñi jangorobi gënë sori ci ñòom man nañu am jafe-jafe nooyi yu meeti ba man fa jaare fàtu.

JANGOROJI AM NA GARAP BU KOY FACC WALA ÑAKK BULACIY ÀR?

Ba fiiñu tool jangoroji amul garap amul ñakk bulasi mënë àr. Wàye kéep kumu dal dinañula taxawu joxla ay garap ba facc lu melni soccbi, yaram buy tàgnbi, còonobi ak sëxëtbi. Ñi jangoroji sonal dinanulén téye kër doktòr. Mbòtay biy sàm wërgiyaramu nitñi ñòngi saytu garap bu koy facc wala ñakk buy àràte ci jangoroji.

ÑAN LA JANGOROJI GËNËGAWA DAL?

Jangoroji ñimu gënë gawadal mòy magatyi ak mag yu werulyi, ñinga xamne dano am jangoroy xol, wala ñu am ay jafe-jafe ci den, wala ñu am feebaru “cancer” wala “diabete”.

OIM
UN MIGRATION

LANLA MËNË DEF NGIR ÀRU CI JANGOROJI WALAMA BAÑKO LAWAL?

- Raxas say loxo ak ndox ak sàbu wala ak “alcol” mòoy ray doomu jangorobi.

- Déel soreyante ak nitñi lu tolòog ben méetar. Ndaxte doomu jangorobi mongi néek ci biir tiflit, te menena juge ci nit dem ci nit sà suñu jegewanté di nòyi, wala di tissoli wala ñuy sëxët, wala suñu yaram tàng.



- Bul difaral di làlak sa loxo say bët, sa bakkan ak sa gémmiñ ndax doomu jangorobi manena néek sa loxo. Té doomu jangorobi bu duggé ci say bët, wala sa bakkan wala sa gémmiñ rek dafay dugu ci sa yaram tè manena ëndi jangoroji ci yaw.

- Déel taf sa gémmin ak sa bakan ak “mouchoir” bòoy sëxët wala ngay tissoli, bòoko amul nga diko def ci sa còñcu.

- Bul di joxe loxo wala ngay fòon ci ay lex. Tòogal sa kër bu sa yaram néexul. Bu sa yaram tàngée, wala ngay sëxët wala nga am jafe-jafe nòyi, wowal sa doctòr mu waxla lòoy def. Buko defée nga mënë àru ci jangoroji walama bañko lawal.

All the measures included in the present leaflet follow what established by the world health organization (WHO)

IOM Coordination Office for the Mediterranean
www.italy.iom.int